



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONTRA FINALIZE POU CLEAN PATH NY AK CHAMPLAIN HUDSON POWER EXPRESS POU LIVRE ENÈJI RENOUVLAB PWÒP NAN REJYON NÒ NEW YORK AK KANADA POU RIVE NAN VIL NEW YORK

Pi gwo pwojè enèji renouvlab ak transpò nan Eta New York nan 50 dènye ane yo

Li pral bay jiska 7.4 milya dola nan avantaj pou sosyete an jeneral nan tout eta a enkli rediksyon gaz ki lakoz efè sèr ak amelyorasyon kalite lè

Yo pral kreye 10,000 bon jan kalite djòb ak 8.2 milya dola nan devlopman ekonomik atravè eta a enkli investisman nan kominote ki defavorize yo

Konbine avèk deplwaman enèji pwòp ak enèji ewolyèn olaj zòn kot Eta a, pwojè yo prevwa redui itilizasyon gaz fosil Vil la pou elektrisite a plis pase 80 pousan an 2030

Akselere pwogrè pou atenn objektif New York la pou rive nan 70 pousan nan elektrisite nan tout eta a ki soti nan sous renouvlab yo an 2030, sou wout pou yon rezon zewo emisyon

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) deja finalize kontra avèk Clean Path New York LLC pou pwojè Clean Path NY (CPNY) li a ak H.Q. Energy Services (U.S.) Inc. (HQUS) pou pwojè Champlain Hudson Power Express (CHPE) li a pou livre enèji solè, ewolyèn ak idwo-elektrik pwòp, renouvlab soti nan rejyon nò New York ak Kanada rive nan Vil New York. Premye pwojè enèji renouvlab ak transmisyon inik eta a prevwa bay jiska 7.4 milya dola nan avantaj jeneral pou sosyete a nan tout eta a, enkli rediksyon gaz ki lakoz efè sèr ak amelyorasyon kalite lè a, ak 8.2 milya dola nan devlopman ekonomik atravè eta a, enkli investisman nan kominote defavorize yo. Kòm pi gwo pwojè transmisyon kontra pou Eta New York nan 50 dènye ane yo, pwojè sa yo pral redwi itilizasyon gaz fosil pou elektrisite a plis pase 80 pousan an 2030 lè yo konbine avèk deplwaman enèji pwòp ak enèji ewolyèn olaj zòn kot eta a. Anons jodi a akselere pwogrè pou depase objektif Eta New York pou 70 pousan nan elektrisite eta a k ap soti nan sous renouvlab disi 2030 sou wout pou ale nan yon rezon zewo emisyon jan sa endike nan Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. Li pral ede vil New York reyalize objektif klima anbisye li yo tou.

"Enje yo pa te janm pi wo pou New York pandan n ap konfwonte efè chanjman klimatik ak destriksyon ekonomik ak anviwònmantral evènman metewolojik ekstrèm yo kite dèyè." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anons sa a non sèlman akselere vitès nou pou atenn objektif pou gen 70 pousan enèji Eta New York ki soti nan resous renouvlab, n ap kreye djòb ki dirab tou, n ap redui depandans nou sou gaz fosil yo, epitou n ap prepare chemen pou nou gen yon lè ki pi pwòp ak yon avni ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo. Mwen fyè dèske New York kontinye dirije nasyon an ak inisyativ enèji vèt inovan epi li deja trase yon egzanp mondyal sou sa ki dwe fèt pou lite kont chanjman klimatik la."

Anons jodi a vin ranfòse pa konfimasyon Vil New York ke li pral patisipe nan rekonpans istorik sa yo, sa k ap ede rann echèl pwojè sa yo posib pandan y ap kreye opòtinite pou redwi enpak sou pri pwojè sa yo nan apeprè 1 milya dola. NYSERDA pral ofri tou atribi renouvlab nan pwojè sa yo pou acha volontè, sa k ap finalman pèmèt anpil òganizasyon Vil Nouyòk yo ki ki enterese pou tranzisyon nan direksyon enèji pwòp, men ki pa kapab fè sa sou plas akòz kontrent pratik, pou pase nan san pousan enèji renouvlab avèk konfyans.

An janvyè, jan [Dekrè](#) Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York Oktòb 2020 an te mande, NYSERDA te pibliye yon demann enèji renouvlab, ke yo rekonèt kòm Nivo 4, k ap chèche pwojè ki kapab founi enèji renouvlab yon fason ki rantab ak responsab nan Vil New York, yon zòn nan eta a ki depann sou pwodiksyon gaz fosil ki aje. Si PSC a apwouve yo, pwojè yo chwazi yo dwe bay 18 milyon megawat enèji pwòp chak èdtan pa ane, oswa plis pase yon tyè nan konsomasyon elektrik anyèl Vil Nouyòk, ki soti nan yon pòtfolyo pwodiksyon pwòp divès ak fleksib ki gen ladan enèji ewolyèn tèrès, enèji solè, ak enèji idwo-elektrik, ki sipòte pa estokaj enèji, ki soti nan rejyon nò New York ak Quebec. Konbine pwojè sa yo ak pòtfolyo ki egziste deja nan kontra pwojè enèji ewolyèn olak zòn kot ki konekte dirèkteman nan Vil New York tounen paj istwa enèjetik vil la, sa ki ogmante rezistans ak fyabilite pandan y ap amelyore siyifikativman kalite lè a.

Majistra Bill de Blasio te deklare, "Si pi gwo vil nan nasyon an ka konte sou enèji pwòp pou alimante li, nenpòt kote kapab. New York ap pwouve li posib pou konbat rechofman planètè a ak batay pou jistis klimatik lè li investi nan enèji idwo-elektrik, ewolyèn ak enèji solè. Se konsa nou redwi gaz fosil yo, kreye plizyè milye travay sendika, epi konstwi yon avni ki dirab pou tout Nouyòkè yo. Se yon jounen istorik pou vil ak eta nou an."

Yo te soumèt kontra sa yo bay PSC pou apwobasyon, epi yo sijè a yon peryòd kòmantè piblik ki pral dewoule jiska 7 fevriye 2022. Petisyon an ak kontra yo disponib sou [sit entènèt](#) Depatman Sèvis Piblik la anba Nimewo Ka 15-E-0302, kote yo ka soumèt kòmantè yo. Si yo apwouve kontra yo, paman NYSERDA yo pral sèlman kòmanse pou chak pwojè respektif jiskaske pwojè a jwenn tout pèmi obligatwa yo ak apwobasyon yo, fini konstriksyon, epi livre kouran nan Vil New York, ke yo prevwa k ap

kòmanse apati 2025 pou pwojè CHPE ki totalman otorize a ak 2027 pou pwojè CPNY la.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA, "Nan chak mezi, akizisyon eta a ki chanje jwèt la pou livre enèji renouvlab yon fason responsab nan Vil Nouyòk se te yon gwo siksè, epi finalizasyon kontra yo jodi a siyifi yon gwo pa annavan nan kreye yon sistèm enèji ki pi ekilibre, pi fyab ak fleksib pou tout Nouyòkè yo. Pwojè enfastrikti enèji vèt masiv sa yo, ki pral jenere ase elektisite pwòp pou alimante plizyè milyon kay, pral bay gwo avantaj ekonomik ak plizyè milye nouvo djòb nan tout eta a pandan y ap diminye polisyon ak amelyore kalite lè a nan kominote ki pi vilnerab yon fason istorik nou yo."

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Hydro Quebec la, Sophie Brochu ak Direktè Egzekitif Jeneral Transmission Developers Inc. a, Don Jessome, te deklare, "Se yon onè pou nou fè pati plan odasye New York pou pote enèji pwòp, fyab nan Vil Nouyòk an 2025 - sa k ap diminye emisyon kabòn danjere ak amelyore kalite lè a nan kominote ki defavorize yo pandan y ap akselere tranzisyon New York nan yon avni ki pi vèt. Nou pa ka tann pou nou angaje nou ak kominote New York yo atravè pwosesis PSC la konsènan anpil avantaj ekonomik ak anviwonmantal pwojè a."

Lidè Clean Path NY yo, Michael Polsky ki soti nan Invenenergy, Jeff Blau ki soti nan energyRe, ak Justin E. Driscoll ki soti nan New York Power Authority, te deklare, "Clean Path NY fyè pou l rejwenn Gouvènè Hochul ak NYSERDA nan avanse pwojè enfastrikti enèji renouvlab istorik sa a ki pral fondamantalman transfòme rezo elektrik New York la epi amelyore lavi Nouyòkè yo atravè eta a. Avèk nouvo transmisyon ak jenerasyon nan eta a - yon apwòch ki konplètman Renouvlab, konplètman soti nan New York - nou fyè dèske n ap avanse yon tranzisyon jis nan enèji pwòp ki pral konbat kriz klimatik la, ki pral priyorize jistis anviwonmantal epi kreye plizyè milye djòb vèt nan New York."

Kòm yon eleman nan kontra enpòtan sa yo, Hydro-Quebec pral achte elektisite nan fèm enèji ewolyèn Apuiat ki te planifye a, ki te devlope pa kominote Innu yo nan Quebec, epi li pral antre nan yon patenarya ak Konsèy Mohawk nan Kahnawà:ke pou pwopriyete konjwen liy Quebec la ki pral konekte ak Champlain Hudson Power Express la.

Kahsennenhawe Sky-Deer, ki se Gran Chèf, Konsèy Mohawk nan Kahnawà:ke te deklare, "Kahnawà:ke gen onè pou li se pwopriyete konjwen liy transmisyon ki sou bò fwontyè Kanadyen an ki pral finalman bay Vil Nouyòk enèji renouvlab vèt. Pandan syèk ki sot pase a, fewonye brav Mohawk nou yo te jwe yon wòl entegral nan bati liy orizon Vil Nouyòk la ak enfastrikti ki antoure li a. Epi kounyeya nou gen opòtinite gras ak patenarya nou ak Hydro-Quebec pou nou bay enèji ki pral sèvi pou limen moniman istorik New York yo epi renouvle liyen ke nou Mohawk nou genyen ak Vil New York."

Siksè akizisyon NYSERDA a te lakòz yon prim pwojè ki pote pi gwo ak pi bon valè nan New York, tankou enterè kominote ki defavorize yo, avantaj ekonomik, ak devlopman mendèv. Avantaj kle ki gen nan pwojè sa yo enkli:

- **Pwoteje fanmi York yo:** Pwojè yo pral bay jiska 4 milya dola nan avantaj sante piblik ki lakoz diminisyon ekspozisyon a polyan danjere yo - tankou evite lanmò prematire, rediksyon vizit lopital ki gen rapò ak opresyon, ak jou travay pèdi akòz maladi.
- **Gwo motè ekonomik ak kreyatè anplwa:** Pwojè sa yo pral kreye apeprè 10,000 djòb pou soutni fanmi yo nan tout eta a epi pote 8.2 milya dola nan investisman devlopman ekonomik, sa k ap ede akselere rekipasyon ekonomik eta a anba COVID-19. Devlopè pwojè yo te angaje tou pou respekte akò sou salè ak travay pwojè yo pou asire bon jan kalite travay ki byen peye pou Nouyòkè yo.
- **Investisman devlopè yo angaje nan kominote ki defavorize yo:** De pwojè yo angaje pou investi apeprè 460 milyon dola konbine nan fon avantaj kominotè yo pou kreye chemen pou travay enèji vèt, sipòte sante piblik, avanse pwojè amelyorasyon kapital, reyalize restorasyon abita ak amelyore anprent anviwònmanal bilding yo nan kominote defavorize yo.
- **Pwoteksyon Anviwònmanal:** Konbine, pwojè yo prevwa redwi 77 tòn degajman gaz a efe sèr chak ane pandan 15 pwochèn ane yo, sa ki se ekivalan si yo ta retire yon milyon machin sou wout yo nan peryòd tan sa a.
- **Rentab:** Pwogram Nivo 4 a pwokire enèji renouvlab ak alafwa nouvo transmisyon. Yo te mete li sou pye ak yon estrikti endèks REC pou ede pwoteje kliyan yo kont ogmantasyonpri enèji pou lè pri elektrisite a monte pri pwogram Tier 4 la desann. Avèk yon pri mwayèn REC Tier 4 yo prevwa k ap 28.29 pou chak megawat pa èdtan pou tou de pwojè yo, yon fwa pwojè yo antre an fonksyon, enpak mwayèn sou bòdwo pou kliyan yo pral apeprè 2 pousan, oswa yon ti kras plis pase 2 dola pa mwa. Yo ka pibliye analiz ki soti nan sipòtè pwojè yo epi soumèt kòm yon pati nan pwosedi PSC a pou egzamine limit potansyèl avantaj adisyonèl yo.

Anplis de sa, nouvo [liy](#) transmisyon anba tè sa yo pral evite, minimize ak diminye domaj nan anviwònman an, ki gen ladan enpak sou espès sansib ak abita yo epi y ap rezistan fas ak move tan ekstrèm yo. Tou de pwojè yo oblije pase nan [pwosesis otorizasyon Atik VII](#) PSC a, ki gen ladann yon revizyon konplè sou nesosite pou pwojè a ak nenpòt enpak anviwònmanal nan sit, konsepsyon, konstriksyon, ak operasyon gwo enstalasyon transmisyon nan Eta New York. CHPE deja resevwa pèmi Atik VII li a, epi CPNY gen entansyon fè yon demann pou pèmi li an byento.

Si yo apwouve li, pwojè CPNY ak CHPE yo pral ajoute sou filyè solid enèji renouvlab a gran echèl New York la, ki gen ladan prèske 100 pwojè solè, pwojè enèji ewolyèn olaj

zòn kot ak pwojè ewolyèn ki baze sou tè ki totalize prèske 11,000 megawat kouran pwòp—sa ki ase pou alimante plis pase senk milyon kay nan New York lè li fini. Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout eta a epi ranfòse pa rekonpans sa a, pral pèmèt filyè aktyèl enèji renouvelab yo alimante plis pase 60 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvelab yo yon fwa ke li an fonksyon.

NYSERDA pral kontinye ofri resous ak asistans teknik gratis pou ede gouvènman lokal yo konprann kijan pou jere devlopman enèji pwòp responsab nan kominote yo, ki gen ladan enstriksyon etap pa etap ak zouti pou gide aplikasyon enèji pwòp, ki gen ladan pwosesis pèmi, taks sou pwopriyete, sit, zonaj, ak plis ankò.

Senatè ak Prezidan Enèji a, Kevin Parker, te deklare, "Kòm Prezidan Komite Sena a sou Enèji ak Telekomunikasyon, mwen felisite NYSERDA paske li pran mezi ki nesèsè yo pou asire ke nou atenn objektif enèji eta nou an. Inisyativ sa a voye yon mesaj ke estanda enèji pwòp nou yo reyèl epi yo reyalizab."

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmantal Sena a, te deklare, "Chanjman klimatik la poze yon menas grav pou eta nou an ak pou tout planèt la. Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a prevwa yon rezo elektrik alavni ki gen zewo emisyon, men pou sa vin yon reyalite, nou bezwen travay aktivman nan direksyon objektif sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Doreen Harris NYSERDA paske yo te pran mezi sa yo pou priorize akonplisman objektif enèji pwòp Eta a."

Anne Reynolds, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Avèk petisyon sa a, New York ap franchi yon lòt etap nan enpleman Estanda Enèji Pwòp anbisyè li a, fwa sa a ak yon konsantrasyon sou transpò elektrisite pwòp, renouvelab nan Vil New York. Se yon bon nouvèl sitou lè yon nouvo pwojè transmisyon sipòte konstriksyon nouvo pwojè enèji ewolyèn ak solè nan lòt Eta New York. Se yon envestisman nan anplwa kounye a ak nan yon rezo ki pi solid alavi."

Julie Tighe, ki se Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York la, te deklare, "New York bezwen ajè rapidman pou atenn objektif Eta a ki genyen 70% enèji renouvelab nan ane 2030 epi anons jodi a sou siyati kontra Nivo 4 ant NYSERDA ak devlopè yo se yon gwo pa annavan pou kenbe nou sou bon chemen an. Lig Konsèvasyon Votè (League of Conservation Voters) Eta New York sipòte gwo inisyativ tankou Nivo 4 pou avanse avni enèji pwòp nan Eta New York epi redwi depandans Vil Nouyòk sou enfastriki gaz fosil nan tan pase yo pandan y ap pwoteje kominote yo ak amelyore kalite lè atravè eta a."

Stuart F. Gruskin, Ofisye Anchèf Konsèvasyon ak Zafè Ekstèn pou The Nature Conservancy nan New York, te deklare, "The Nature Conservancy bat bravo pou nezi Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la pran jodi a pou depoze petisyon li devan Komisyon Sèvis Piblik la pou avanse pou pi devan nan pwojè yo

seleksyone yo nan kad nouvo Nivo 4 Estanda Enèji Pwòp la. Petisyon sa a se yon etap enpòtan pou Eta New York reyalize objektif klimatik ak enèjetik pwòp li yo nan konstwi ekonomi enèji pwòp, sa k ap kreye plizyè milye bon djòb, epi asire Vil Nouyòk gen enèji pwòp ak fyab pandan y ap pwoteje resous natirèl enpòtan nou yo."

Daniel Zarrilli, Konseye Espesyal sou Klima ak Dirabilite nan Columbia University, te deklare, "Sa a se deseni ki enpòtan pou reyalize rediksyon pwofon nan polisyon kabòn epi evite enpak ki pi katastwofik chanjman klimatik yo. Aksyon NYSERDA jodi a pou sekirize transmisyon enèji pwòp nan Vil Nouyòk se yon etap enpòtan pou sipòte nou tout ki angaje nou pou nou reyalize zewo nèt atravè elektrifikasyon. Nou pa a tann pou nou travay ak NYSERDA pou eksplòre wòl Columbia University nan atenn objektif sa a, ki sipòte travay nou pou fè aliman inivèsite a ak objektif Akò Pari a, netwaye lè a nan kominote ki antoure nou yo, epi mete fen nan adiksyon mond lan nan gaz fosil yo—tout fè pati angajman nou pou ekipe pwochèn jenerasyon lidè klimatik yo."

Michael D. Welsh, ki se Vis Prezidan Entènasyonal, nan International Brotherhood of Electrical Workers (IBEW) nan New York, te deklare, "Fratènite Entènasyonal Travayè Elektrik (International Brotherhood of Electrical Workers, IBEW) nan New York kontan pou sipòte efò NYSERDA yo nan soumèt pwojè pa yo ke yo akòde nan Nivo 4, Champlain Hudson Power Express ak Clean Path NY, bay Komisyon Sèvis Piblik (NY PSC) pou revizyon, kòmantè piblik, ak apwobasyon. Pwojè enpòtan sa yo pral bay pwogrè sibstansyèl nan direksyon pou atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a lè yo redui Gaz ki Lakoz Efè Sèr (Green House Gases, GHGs) a 77 milyon tòn metrik pandan 15 pwochen ane yo. Anplis de sa, pwojè sa yo dwe kreye plis pase 10,000 djòb k ap soutni fanmi, anpil ladan yo pral nan metye konstriksyon New York Union, ki gen ladan IBEW. Travay lokal New York sa yo pral enjekte plizyè milya dola nan kominote lokal yo sou pakou pwojè yo ak nan zòn pwojè nouvo jenerasyon yo. Pwojè yo akòde yo te angaje plis pase 400 milyon dola nan fon benefis kominotè ki pral bay yon chemen pou plizyè milye travayè nan anplwa klas mwayèn yo. Nou pa ka tann pou nou sipòte inisyativ enpòtan sa a nan chak etap."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades Council) la te deklare, "Sa a se yon lòt etap enpòtan ankò nan bati nan direksyon avni enèji pwòp New York la, pandan y ap asire ke yo kreye bon karyè klas mwayèn ak avantaj nan pwosesis la. Djòb klas mwayèn ki byen peye yo te toujou mache men nan men ak fason New York bay ak jenere enèji li, epi nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou lidèchip efikas yo ak angajman kontinyèl yo anvè travayè gason ak fanm eta a pandan pwojè anbisye sa yo ap avanse."

Direktè Fon pou Òganizasyon Ouvriye Eta New York yo, John Hutchings, te deklare, "Manm nou yo ap travay kounye a sou pwojè ki reprezante plizyè milye megawat enèji pwòp, renouvlab nan tout Eta New York la. Pwochèn etap la se asire keyo ka transpòte ak itilize enèji nan pòch chajman nan tout eta a. Pwojè tankou CHPE

ak Clean Path NY pral ede reyalize sa pandan y ap kreye plizyè milye djòb konstriksyon ki peye travayè yo yon salè dominan. Nou gen espwa ke Komisyon Sèvis Piblik la pral apwouve petisyon NYSERDA rapidman."

Prezidan REBNY an Douglas Durst, ak Prezidan James Whelan, te deklare, "Abòde kriz klimatik la egzije yon apwòch ki solid, reflechi ak kolaboratif. Rediksyon emisyon kabòn avèk siksè nan Vil New York pa pral posib san deplwaman agresif pwodiksyon ak transmisyon enèji renouvlab. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA paske yo fè New York tounen yon lidè nasyonal nan batay kont chanjman klimatik la lè yo adopte yon apwòch solid, reflechi ak kolaboratif ki pral ede Eta a bay rezilta reyèl pou redui emisyon yo."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a dis 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)